



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE MOUN PRAN PREKOSYON PANDAN MOVE TAN SEVÈ AP TRAVÈSE NEW YORK

Gen Posibilite pou Gen Van Destriktè ak Grèl; Sa ka Lakoz Pye Bwa ak Kab Elektrik nan Rejyon Kapital ak Rejyon Mid-Hudson Valley a yo Tonbe

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ap ankouraje Nouyòkè nan rejyon Kapital ak Mid-Hudson Valley yo pou yo prepare yo pou loraj sevè apremidi a yo. Previzyon aktyèl yo montre potansyèl pou gen van destriktè avèk rafal jiska 105 kilomèt alè, k ap kreye posibilite pou gen pye bwa ak kab elektrik yo ki tonbe. Nouyòkè yo dwe pran pekosyon apwopriye pou tanpèt la epi siveye chèn medya lokal yo pou mizajou metewolojik yo pandan tanpèt la ap travèse kominote yo.

“Sezon tanpèt prentan ofisyèlman rive sou nou epi menm jan nou te viv twòp fwa deja menm, klima ap vin deplizanpli sevè ak enprevizib chak jou k ap pase”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Byenke Nouyòkè yo dwe kontinye rete pare pou si gen pàn kouran yo ak dega van yo ap fè yo, yo dwe konnen ke eta a ap siveye sistèm sa a deprè epi nou rete prè pou nou ede nenpòt kominote ki nan bezwen imedyatman.”

Aktyèlman la, tanpèt la ap vanse soti lwès anvè lès avèk pi gran enpak yo k ap rive ant midi ak 7 è p.m. nan Rejyon Kapital la, prensipalman osid otowout Interstate 90 la, ak ant 4 è p.m. ak 9 è p.m. nan zòn sid Rejyon Mid-Hudson Valley a. Rezidan nan rejyon ki afekte yo dwe kontinye swiv medya lokal yo pou dènye previzyon metewolojik yo. Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo, vizite sit entènèt Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service). Pou w resevwa avètisman ak notifikasyon sou move tan nan zòn ou an yo, enskri sou NY-Alert, ki se sistèm avètisman ijans gratis Eta New York la ki mande pou moun enskri a isit la.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York - Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) ap kontwole sitiwayon an aktivman; li an kontak avèk òganis jesyon ijans lokal yo, epitou an kontak sere avèk Sèvis Metewo Nasyonal. Rezèv Eta a pare ak resous yo prè pou deplwaye al nan rejyon ki afekte yo, ki gen ladan 750 dèlko, 259 poto limyè pòtatif, 1,246 ponp ki gen divès dimansyon, plis pase 1,700,000 sak sab, 13 aparèy pou ranpli sak sab yo, plis pase 56,350 repa tou prepare,

plis pase 430,000 boutèy ak kanèt dlo, plis pase 9,000 kabann pòtatif, ak 12,340 dra ak 13,613 zòrye.

Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a pare pou reponn al nan nenpòt zòn kote tanpèt la gen enpak yo ak 75 eskavatris, kat bouldozè, 20 nivelez, 17 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 12 ponp dlo, 1,441 kamyon baskil ki laj, 318 kamyon chajè ki laj, 15 kamyon a so ak ekipaj pou pye bwa yo, 79 dechiktez, 57 kamyon siyalizasyon sikilasyon, ak 13 kamyon tank dlo.

Anplis de sa, Depatman an gen Pano a Mesaj Varyab sou wout eta a yo nan rejyon ki te afekte yo k ap avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan sevè yo. Y'ap raple vwayajè yo tou pou yo verifye 511NY lè yo rele 511 oubyen ale sou www.511ny.org avan yo soti. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje dènye aplikasyon mobil 511NY la gratis sou iTunes oswa Google Play. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive (Kondwi), ki bay avètisman moun ka tande sou yon wout yo chwazi pandan itilizatè a ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a ap egzòte otomobilis yo pou yo pran prekosyon pandan y ap kondwi pandan tanpèt la. Otorite Thruway a gen Pano a Mesaj Varyab ki disponib toupatou atravè sistèm la si Sèvis Metewo Nasyonal la pibliye avètisman pou van vyolan yo. Anplwaye yo ap siveye kondisyon yo deprè epi yo prè pou yo reponn ak ede si gen bezwen.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout.

Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a isit la. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York (New York State Department of Public Service)

Konpayi sèvis piblik New York yo gen yon baz deja ki gen 4,300 travayè ki disponib pou efò retablisman yo, jan sa nesèsè. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye deprè pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Depatman Sèvis Piblik la pral pwolonje lè sèvis Liy Sekou Sant Dapèl yo kòmanse madi 15 Me rive 7:30 è p.m., jan sa nesèsè, pou ede kliyan yo nan efò retablisman yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

Gouvènè Cuomo te bay konsèy sekirite sa yo:

Anvan loraj la frape:

- Byen mare oswa mete andedan mèb jaden yo, poubèl yo, zouti yo ak plant ki kwoke anlè ki kapab vin pwojektil pandan loraj la.
- Si ou gen yon sousòl, tyeke ponp vidanj yo pou asire yo fonksyone, epi prepare ou pou itilize yon sistèm sipò.
- Mete la yon dèlko sekou oswa yon lòt sous kouran elektrik ki disponib.
- Tyeke vwazen yo, sitou granmoun aje yo oswa moun ki andikape yo.

Lè loraj la ap pwoche:

- Rete andedan, lwen fenèt, pòt an vit yo.
- Chaje telefòn selilè ou ak aparèy elektwonik enpòtan yo.
- Rele lwen wout yo. Si w ap vwayaje, jwenn yonabri ki byen pwoteje san pèdi tan.
- Si ou detekte oswa wè yon tònad, rete kalm, men pran aksyon imedyatman.
- Si ou andeyò kay, chache mete w alabri nan yon bilding solid tousuit. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete menm w sou tèt ou.
- Si ou nan yon rezidans mobil oswa yon veyikil, desann tousuit! Gwo van ki nan tònad la ka chavire rezidans mobil ak veyikil byen fasil. Mete w alabri nan yon estrikti ki solid. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete menm w sou tèt ou. Pa eseye bat tònad la nan yon kous machin.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, al nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib la. Pa pran asansè - pran eskalye.
- Voye je sou zanmi, fanmi ak vwazen yo, espesyalman granmoun aje yo.
- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil.
- Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan fijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.

- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.

Prepare pou Pàn Kouran

Nouyòkè yo dwe toujou evite nenpòt kab elektrik ki tonbe paske yo gendwa toujou gen kouran epi yo dwe konsidere yo kòm ekstrèman danjre.

Si Ou Nan Blakawout:

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite Depatman Sèvis Piblik Eta New York la. Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

Aprè yon Pan Kouran:

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj “Lè nou pa si, jete manje a!”
- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjle yo ankò.
- Si ou enkyè akoz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyone twousou ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)